



Pou Piblikasyon Imedya: 04/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN NOUVO PIBLISITE KI PREZANTE  
PEDYAT K AP ANKOURAJE PARAN YO VAKSINEN TIMOUN YO**

*Piblisite nan lang Angle ak Panyòl pral pase avèk pedyat ki se paran tou k ap ankouraje lòt paran yo vaksinè timoun yo kont COVID-19*

*Fè pati inisyativ #VaxForKids la pou ede ogmante pousantaj vaksinasyon COVID-19 yo pami timoun ki elijib nan New York yo, apeprè 500 sit vaksinasyon tanporè deplwaye nan Eta a jiskaprezan*

*Nan Eta New York, 72.6% adolesan (12 - 17 ane) vaksinè totalman, 36% timoun (5-11 ane) vaksinè totalman*

*Dènnye rechèch yo montre timoun ki vaksinè totalman yo (5-17 ane) pwoteje kont ospitalizasyon ki gen rapò ak COVID nan omwen 65%*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse lansman nouvo piblisite nan medya pou ranfòse pousantaj vaksinasyon yo pami timoun yo nan Eta New York. Lansman nan medya a se jis dènnye eleman nan inisyativ #VaxForKids Depatman Sante Eta New York la, ki ranfòse angajman administrasyon an pou rann sante ak byennèt timoun ak fanmi yo yon priyorite prensipal.

"Doktè apwouve vaksen COVID-19 la epi se sèl pi bon zouti pou anpeche timoun ak fanmi nou yo tonbe malad grav oswa ospitalize", **Gouvènè Hochul**. "Nouvo kanpay medya a pral ede asire paran yo tande sa dirèkteman de pedyat yo ak founisè swen sante ki konfyab yo, pou yo kapab konnen kijan li enpòtan pou yo vaksinè timoun yo. Paran ak responsab yo, si nou poko fè sa, tanpri pale ak pedyat timoun nou konsènan pran vaksen an ak dòz rapèl la yon fwa yo elijib".

**Komisè Sante Eta New York, Doktè Mary T. Bassett, te deklare**, "Nouvo kanpay medya sa sipòte plis kanpay #VaxForKids nou an nan ede paran ak responsab yo aprann plis de sous, pedyat ki pi konfyab yo sou enpòtans pou fè timoun nou yo vaksinè. Vaksen COVID-19 la san danje, efikas epi pral ede pwoteje timoun ak adolesan 5 - 17 ane yo kont maladi grav ak ospitalizasyon".

Nouvo kanpay la prezante pedyat lokal yo atravè Eta New York ki rejwenn Gouvènè Hochul ak Depatman Sante Eta a pou ankouraje paran ak responsab yo fè timoun ki kalifye yo vaksinen totalman epi pou asire yo rete ajou pou tout dòz ki rekòmande yo. Doktè yo pale sou risk reyèl viris la reprezante pou timoun yo, espesyalman si yo pa vaksinen. Kanpay la gen ladan vèsyon 30 segonn ak 60 segonn piblisite televize nan lang Angle ak Panyòl. Mesaj piblisite yo pral kòmanse difize nan lendi 4 avril epi ap pase pandan plizyè semèn.

Nouvo piblisite televize yo disponib isit la:

[Vèsyon](#) 30 segonn nan lang Angle.

[Vèsyon](#) 60 segonn nan lang Angle.

[Vèsyon](#) 30 segonn nan lang Panyòl.

[Vèsyon](#) 60 segonn nan lang Panyòl.

Dènye [rechèch](#) yo montre timoun ki vaksinen totalman yo ki gen 5-17 ane pwoteje kont ospitalizasyon ki gen rapò ak COVID nan omwen 65%.

**Doktè Lauren Weintraub, Pedyat, Onkològ, Sant Medicaid Albany, Albany, NY, te deklare,** "Lè mwen pale ak zanmi ak fanmi mwen, mwen di, gade, mwen pran vaksen epi mwen fè timoun mwen yo pran vaksen".

**Doktè Alicia Massop-Flowers, Pedyat, MVP Pediatrics, Queens, NY, te deklare,** "Tankou timoun yo nan biwo mwen an di, mwen vaksinen nan nivo maksimòm".

**Doktè Elaine Schulte, Pedyat, Lopital Children's Hospital, Bronx, NY, te deklare,** "Chak grenn manm nan fanmi mwen vaksinen totalman epi pran dòz rapèl la".

**Doktè Elizabeth Murray, Medsin Ijans Pedyatrik, Golisano Children's Hospital, Rochester, NY, te deklare,** "Mwen pa t ap janm rekòmande yon bagay si mwen pa te panse li te san danje pou pwòp timoun mwen yo. Epi timoun mwen yo te vaksinen osito sa te posib".

**Doktè Eve Meltzer-Krief, Pedyat, Huntington Village Pediatrics, Allied Physicians Group, Huntington, NY, te deklare,** "Mwen toujou di paran yo mwen te vaksinen timoun mwen yo osito sa te posib. Osito li te disponib pou yo".

**Doktè Philip Heavner, Pedyat, Guthrie, Big Flats, NY, te deklare,** "Mwen gen twa timoun, mwen te vaksinen yo tout. Mwen pa t ap janm fè timoun mwen yo anyen ki pa te totalman san danje".

Eta a te lanse dènyeman yon seri inisyativ pou ogmante pousantaj vaksinasyon ak dòz rapèl pami timoun ak adolesan ki kalifye yo. Jiskaprezan, gen plis pase 261 sit tanporè ki te etabli atravè pwogram #VaxForKids Eta a, apre plis pase 235 sit te etabli atravè kanpay #VaxToSchool la.

Sou baz done CDC bay yo, 42.3% timoun 5 - 11 ak 82.5% adolesan 12 - 17 te resevwa omwen yon dòz vaksen. 36% timoun 5 - 11 ak 72.6% adolesan 12 - 17 vaksinen totalman. Eta New York kontinye nan tèt peyi a nan zafè vaksinasyon. Dapre done CDC yo, Eta New York klase kòm dezyèm ak premye, pou timoun 5-11 ane ki vaksinen totalman yo epi pou adolesan 12-17 ane ki vaksinen totalman pami dis gwo eta yo.

Dènye done demografik vaksinasyon an disponib [isit la](#).

Timoun ki genyen senk ane ak pi gran yo kalifye pou vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech. Nan [7 janvye 2022](#), adolesan 12 ane ak pi gran yo kalifye pou yon dòz siplemantè vaksen Pfizer-BioNTech omwen senk mwa apre yo fini seri vaksen inisyal yo. Anplis de sa, timoun 5-11 ane ki gen kèk kondisyon iminodeprime kalifye kounye a pou yon dòz siplemantè vaksen Pfizer-BioNTech omwen 28 jou apre yo fini seri vaksen inisyal yo.

Vaksen COVID-19 la gratis epi disponib byen fasil nan tout Eta a, sa gen ladan plis pase 2,000 lokal k ap administre vaksen pou timoun. Tout [sit vaksinasyon an mas eta yo](#) ap administre vaksen an pou timoun ki gen senk ane ak pi gran, dòz rapèl pou Nouyòkè ki gen 12 ane ak pi gran yo, ak dòz rapèl pou timoun ki iminodeprime ki gen senk ane ak pi gran. Anplis sit vaksinasyon tanporè ak an mas Eta a, Nouyòkè yo kapab vizite [vaccines.gov](#), voye kòd postal yo atravè mesaj tèks bay 438829 oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki toupre yo.

Paran ak responsab yo kapab kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen an pou gwoup laj sa a. Asire founisè a ofri vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la.

Nou ankouraje paran ak responsab yo pou asire ke timoun yo ajou pou tout vaksinasyon ki rekòmande epi obligatwa yo, sa gen ladan kont vaksen grip la. Ale sou [sitwèb Depatman Sante](#) pou plis enfòmasyon sou vaksinasyon ki rekòmande pou timoun ak adolesan. Nou ankouraje paran ak responsab yo pou vizite [ny.gov/VaxForKids](#) pou plis enfòmasyon ak resous fyab sou vaksen COVID-19 la ak timoun yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](#)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418